



Pou anplwaye k ap Pran Swen Moun Lakay yo

Aplikab pou Òganizasyon Benevòl ki te dakò pou peye chak anplwaye Salè Minimòm Legal olye pou yo gen kouvèti Manda Salè Minimòm.

Daprè Lwa Sante Piblik la § 3614-f aplikab pou

Moun k ap bay Swen Nan Kay jan sa dekri daprè Lwa Sante Piblik § 3614-c

Tarif Salè Minimòm pou chak èdtan ki aplikab 31/12/2022 – 31/12/2023

Vil Nouyòk

Salè Minimòm \$17.00

Long Island ak Konte Westchester

Salè Minimòm \$17.00

Rès nan Eta Nouyòk

Salè Minimòm \$16.20

Si w gen kesyon, ou bezwen plis enfòmasyon oswa w vle depoze yon plent, tanpri ale sou www.labor.ny.gov/minimumwage oswa rele: **1-888-469-7365**.

§ 143.0 Kondisyon sou Salè Minimòm ki aplikab ak òganizasyon benevòl ki te chwazi opsyon pou peye salè legal ki pa gen alokasyon nan plas kouvèti manda salè a. (a) Definisyon òganizasyon benevòl. Òganizasyon benevòl vle di nenpòt konpayi, asosyasyon, fondasyon kominotè, fon oswa fondasyon òganize e ki la sèlman pou kesyon relijyon, don oswa edikasyon, kote yon pati benefis yo pa pou okenn aksyonè oswa yon moun.

§ 143.2 Chwa òganizasyon benevòl fè. Yon chwa yon òganizasyon benevòl fè pou peye anplwaye l yo ki nan tout domèn yon salè, ki pa gen alokasyon ladan l, ki pa mwens pase montan ki nan pati 1 seksyon 652 nan Lwa travay la dwe fèt sou yon fòmilè ki fèt pou sa komisè a bay.